

Kacapanon Samagaha: Pituduh cara maké



Samagaha Panonpoé Total
Senén, 8 April 2024



TERMS AND CONDITIONS FOR USE OF ECLIPSE GLASSES

Please read these Instructions for Use carefully before using the Eclipse Glasses. Your purchase and use of the Eclipse Glasses constitutes your agreement to these Terms and Conditions. Failure to follow these Instructions for Use may result in serious personal injury, including permanent eye damage. If you do not understand these Instructions or cannot follow them diligently and completely, then you should not look at the Sun at any time, with or without the Eclipse Glasses.

The term "Eclipse Glasses" refers to the special cardboard-and-polymer optical products, marked "ISO 12312-2" and "SAFE FOR DIRECT SOLAR VIEWING", manufactured by Rainbow Symphony of Reseda CA or American Paper Optics of Bartlett TN, and sold by Eclipse2024.org for the purpose of viewing the Sun during the solar eclipse of April 8, 2024, by or under the direct supervision of a person 18 years of age or above and in accordance with these Instructions for Use.

Observing the Sun directly, without the benefit of eye protection provided by the Eclipse Glasses, will likely result in serious personal injury, up to and including permanent eye damage and blindness. When these Instructions for Use are followed completely and precisely, the undamaged and unmodified Eclipse Glasses have been proven to be safe and effective in allowing direct, short-term viewing of the Sun. If these Instructions for Use are not followed, or if damaged or modified Eclipse Glasses are used, permanent eye injury could result.

You should never look directly at the Sun, with or without the aid of the Eclipse Glasses, if you have any temporary or permanent medical or other condition which either (1) prevents your use of the Eclipse Glasses according to these Instructions for Use, or (2) which predisposes you to an increased or special risk of incurring, worsening, or contributing to the effects of any optical condition, or other medical, health, or other condition, by looking or attempting to look at the Sun.

You should never attempt to perform any other activity (such as driving or walking) while using the Eclipse Glasses.

You agree that if you allow others to use the Eclipse Glasses, you will provide each such user with a copy of these Instructions for Use and will make sure such user reads and understands the Instructions for Use before using the Eclipse Glasses.

By using the Eclipse Glasses to view the Sun, you agree with the following:

- (a) you understand these Instructions for Use completely;
- (b) you understand and accept the risks associated with improper use of the Eclipse Glasses;
- (c) you accept full responsibility for, and assume all risks associated with, the act of viewing the Sun, with or without the use of the Eclipse Glasses; and
- (d) the Eclipse Glasses are fragile, and any damage or modification will render them immediately and permanently unusable for their intended purpose.

Release and Limitation of Liability

By way of purchasing and using the Eclipse Glasses, you are irrevocably releasing, indemnifying, and holding harmless the manufacturer and seller from any liability, loss, claim and expense (including attorney's fees), including but not limited to bodily injury or other personal harm, which may result from using the Eclipse Glasses under any circumstances or conditions and irrespective of jurisdiction. Neither the manufacturer nor the seller will be responsible for any damages of any kind, irrespective of reasons, conditions or circumstances, including malfunctioning of the Eclipse Glasses. All risks associated with using the Eclipse Glasses rest solely and entirely with the user, irrespective of whether the Eclipse Glasses are used by the original purchaser or any third party. You fully understand and assume the risks in using the Eclipse Glasses. You confirm that you have read this release of liability and fully understand its terms and that you have given up substantial rights by purchasing and using the Eclipse Glasses.

THE MANUFACTURER AND SELLER OF THE ECLIPSE GLASSES MAKE NO WARRANTY OF ANY KIND, EXPRESSED OR IMPLIED, WITH RESPECT TO THE ECLIPSE GLASSES, INCLUDING BUT NOT LIMITED TO THE IMPLIED WARRANTIES OF MERCHANTABILITY, FITNESS FOR A PARTICULAR PURPOSE, AND NON-INFRINGEMENT. NEITHER THE MANUFACTURER NOR THE SELLER SHALL BE LIABLE FOR ANY OTHER DAMAGES, INCLUDING BUT NOT LIMITED TO DIRECT, INDIRECT, INCIDENTAL, SPECIAL, CONSEQUENTIAL, OR EXEMPLARY DAMAGES, WHETHER IN AN ACTION IN CONTRACT OR TORT (INCLUDING NEGLIGENCE AND STRICT LIABILITY), SUCH AS, BUT NOT LIMITED TO, LOSS OF ANTICIPATED PROFITS OR BENEFITS RESULTING FROM, OR ARISING OUT OF, OR IN CONNECTION WITH THE USE OR FURNISHING OF THE ECLIPSE GLASSES OR THE PERFORMANCE, USE OR INABILITY TO USE THE SAME, EVEN IF THE MANUFACTURER OR SELLER HAS BEEN ADVISED OF THE POSSIBILITY OF SUCH DAMAGES. IN NO EVENT WILL THE MANUFACTURER'S OR SELLER'S TOTAL LIABILITY EXCEED THE PRICE PAID FOR THE PRODUCT.

Note Regarding Translations

Translations of these Instructions for Use into various languages are provided "AS-IS" and solely for the convenience of the reader. Eclipse2024.org has made reasonable efforts to ensure the accuracy of the Translations; however, in the event of any perceived discrepancy in meaning or interpretation between the English version and any Translation, the English version will prevail. You should not act in reliance on anything contained in any Translation of these Instructions for Use, but should refer to the official English version.

SAMAGAHA PANONPOÉ TOTAL – 8 April 2024

Wilujeng sumping di Amerika Utara!

Simkuring saparakanca ngarasa dipihormat lantaran anjeun parantos milih sumpingka nagara simkuring pikeun ngalaman samagaha panonpoé total, sarta Simkuring harep anjeun sadaya tiasa ningali kajadian istiméwa ieu tur aman!

*Pituduh ieu disadiakeun kana basa Sunda pikeun kanyamanan anjeun sadaya. Vérsi basa Inggris tina ieu pituduh, arahan, jeung sanggahan (tina “instruksi”), mangrupa sumber informasi pikeun arahan maké Kacapanon Samagaha nu bener tur merenah supados tiasa ningali panonpoé secara langsung. Intruksi lengkepna nu lengkepna aya dina <https://tinyurl.com/2024Instructions>. sarta anjeun kudu maca, mkaharti, jeung nurutkeun eta pituduh pikeun ngaggungkeun Kacapanon Samagaha. **Kasalahan nuturkeun pituduh bakal ngakibatkeun cidera panon.***

Para astronom nyebatkeun yén samagaha tanggal 8 April 2024 téh minangka “samagaha total”, mung supados anjeun tiasa ningali sautuhna, anjeun kudu aya dina galur darat nu heureutna ngaliwatan Amerika Utara (Jalur Totalitas). Saupama anjeun henteu dina galur ieu, anjeun ngan bakal ningali samagaha parsial (sawaréh)! Mangka, penting pisan pikeun mikanyaho naha anjeun téh aya dina galur totalitas atawa henteu.



Galur Totalitas Samagaha

PITUDUH RINGKES

PITUDUH LENGKEP

Istilah “Kacapanon Samagaha”, nu dipaké dina ieu dokumen, maksudna pikeun ngawakilan “Eclipse Glasses” anu dimaksud dina sanggahan kaca kahiji, sarta nu dituduhkeun kana kaca séjén, dina jero ieu dokumén.

Dipakéna Kacapanon Samagaha ku anjeun pikeun ningali panonpoé mangrupa perjangjian hukum. Anjeun kudu bener-bener nuturkeun kabéh pituduh jeung arahan anu aya dina ieu instruksi kalawan bener jeung lengkep pikeun ngagunakeun Kacapanon Samagaha unggal ningali panonpoé. Mun anjeun teu ngarti kana instruksina, teu bisa nuturkeun kalawan lengkep jeung bener, atawa anjeun teu satuju kana sarat-saratna, mangka anjeun teu disarankeun ningali panonpoé iraha waé jeung makécara naon waé.

PITUDUH RINGKES MAKÉ KACAPANON SAMAGAHA

Pituduh ieu diringkes tina [instruksi lengkép kanabasa Sunda](#), anu kudu dibaca, dilenyepan jeung diturutan sagembelengna ku Anjeun, pikeun ngagunakeun kaca panonpoé keur ningali samagaha.

- 1) Tingal lokasi anjeun dina [eclipse2024.org/find-times](#), naha lokasi anjeun bakal ngalaman samagaha total atawa henteu, sarta kamungkinan waktu kontak pikeun fase parsial jeung (lamun bisa) fase total di éta tempat.
- 2) Samagaha total téh mangrupa hiji kajadian anu bener-bener spéktakulér, anjeun ngan bisa ngalaman samagaha sautuhna lamun anjeun aya dina jero “galur samagaha total” nu legana ngan ukur 200km. Lamun samagaha teu mungkin bisa sautuhna katingali ti tempat nu direncanakeun ku anjeun, anjeun disarankeun pisan pindah ka posisi nu aya dina jalur samagaha total!
- 3) Pikeun maké Kacapanon Samagahapikeun ningali samagaha, cepeng lénsa Kacapanon Samagaha na luhureun panon anjeun sangkan panon anjeun bener-bener kalindung pas ningali panonpoé sacara langsung.
- 4) Iraha ngagunakeun Kacapanon Samagaha pikeun ningali panonpoé:
 - a. Lamun samagaha total teu nangtu bakal katingal di lokasi anjeun, mangka terus tingali baé unggal waktu maké Kacapanon Samagaha. ANJEUN BAKAL MEUNANGRÉSIKO KARUSAKAN PANON SACARA PERMANÉNLAMUN TEU MAKÉ PALINDUNG PANON ANU BENER WAKTU NINGALI PANONPOÉ LANGSUNG!
 - b. Lamun samagaha total bakal tangtu katingal di lokasi anjeun, mangka anjeun KUDU ningali panonpoé maké Kaca Panonpoé di unggal bagian nu kacaangan ku panonpoé (sanajan ngan saukur saeutik bagian nu katingalina). ANJEUN BOGA RÉSIKO KARUSAKAN PANON PERMANÉN LAMUN ANJEUN TEU NUTURKEUN PITUDUH IEU!
 - i. Sanajan kitu, anjeun bisa ningali langsung kana samagaha total tanpa make Kacapanon Samagaha pas lebah totalitasna wungkul, nalika bagian nu caang tina buleudan panonpoé teu katémbong.
 - ii. Lamun anjeun nyobaan maké Kacapanon Samagaha pikeun ningali panonpoé salila samagaha total, anjeun moal bisa ningali nanaon!
 - iii. Anjeun KUDU maké deui Kacapanon Samagaha lamun katatalanna geus bérés sarta bagian nu caang tina buleudan panonpoé tos katémbong deui.

5) Cindekna,

**DINA UNGGAL AYA BAGIAN BULEUDAN CAANG PANONPOÉ
NU KATINGALI, ANJEUN KUDU MAKÉ KACAPANON
SAMAGAHA PIKEUN NINGALI PANONPOÉ!**

PITUDUH LENGKEP MAKÉ KACAPANON SAMAGAHA

Kahiji, aya sababaraha istilah anu kudu dipikaharti ku anjeun!

Pikeun unggal samagaha, jeung unggal tempat di bumi, aya sababaraha ngaran anu dilarapkeun kana waktu pikeun kajadian nu penting. Ieu téh nu dipikawanoh minangka:

<i>Ngaran Kajadian</i>	<i>Keterangan Kajadian</i>	<i>Nu Katingali (pikeun Samagaha Total)</i>	<i>Nu Katingali (pikeun Samagaha parsial)</i>
C1	Awal fase parsial		
C2	Awal tina totalitas		 * Henteu kajadian! *
Tengah-tengah Samagaha	Titik Tengah Samagaha		
C3	Ahir tina totalitas		 * Henteu kajadian! *
C4	Akhir tina fase parsial		

1) PITUDUH UMUM PIKEUN MAKÉ KACAPANON SAMAGAHA


- 1) [lamun bisa] Buka bungkus Kacapanon Samagaha kalawan ati-ati.
- 2) Simpen Kacapanon Samagaha dina wadahna lamun teu dipaké.
- 3) Pariksa Kacapanon Samagaha unggal rék dipaké; lamun film lénsana ruksak atawa karijut dina bagian mana waé, mangka Kacapanon Samagaha kudu diteukteuk jeung diancurkeun, tuluy ménta digantian ku nu weuteuh.
- 4) Lamun film lénsana ruksak kumaha baé carana, ulah maké Kacapanon Samagaha éta pikeun ningali panonpoé iraha waé. 
- 5) Ulah ngaleupaskeun bagian film lénsa tina Kacapanon Samagaha, jeung ulah maké bagian film lénsa anu geus dileupaskeun pikeun ningali panonpoé ku cara naon baé.
- 6) Lénsa Kacapanon Samagaha anu merenah kana tempatna jeung teu ruksak bakal nahan level bahayatina cahaya nu katingali sapertos bahaya sinar UV jeung cahaya panonpoé nu séjénna. Maké Kacapanon Samagaha téh bakal bener-bener aman, nurutkeun kana panungtun nu disadiakeun dina ieu pituduh, pikeun ningali panonpoé iraha baé ogé. Euweuh “cahaya samagaha” husus anu ngakibatkeun ningali panonpoé téh bakal leuwih atawa kurang bahaya salila samagaha.
- 7) Anjeun kudu maké Kacapanon Samagaha, ku cara anu dijelaskeun di dieu, pikeun ningali panonpoé kalawan aman dina waktu IRAHA WAÉ salila bagian buleudan nu caang tina panonpoé katingali. Ieu dilakukeun dina unggal waktu kontak samagaha (nyaéta, “C2” jeung “C3” saperti nu dijelaskeun di luhur) nu geus direkam tina sumber mana waé.
- 8) Ulah maké Kacapanon Samagaha bareng jeung téleskop, toropong, kaméra, lénsa, eunteung, alat optik séjénna, atawa alat jeung objék nu bisa mantulkeun cahaya (“Pakakas Optik”).
- 9) Ulah sakali-kali ngarahkeun Pakakas Optik nu kumaha waé kana panonpoé, jeung ulah pernah langsung ningali gambar panonpoé maké Pakakas Optik naon waé nu diarahkeun kana panonpoé, atawa kumaha waé carana nu bisa ngumpulkeun, museurkeun, atawa ngarahkeun cahaya panonpoé.
- 10) Kacapanon Samagaha teu meunang nepi ka dipaké ku sato, atawa ku saha waé anu teu waras, teu bisa maca, ngarti jeung nyumponan pasaratan sangkan Kacapanon Samagaha dipaké kalawan aman, atawa sacara resmi narima tanggung jawab tina résiko nu dilakukeunna.
- 11) Pikeun ngagunakeun Kacapanon Samagaha:

Cepeng Kacapanon Samagaha sing merenah antara panon jeung panonpoé, jeung tingali panonpoé maké Kacapanon Samagaha anu lénsana teu ruksak, tuluy usahakeun sangkan lénsa Kacapanon Samagaha tuluy aya di antara panon jeung panonpoé. Lamun Kacapanon Samagahana wangun kacapanon karton, anjeun bisa nilepkeun kartonna saperti biasana dilakukeun dina kacapanon nu biasa. Ulah pernah ningali langsung kana panonpoé lamun henteu dina waktu samagaha total (nyaéta, salila waktu antara C2 jeung C3 nu bisa anjeung perhatikeun dina tabél di handap, lamun hal ieu bisa dilakukeun di lokasi anjeun ningali), iwal anjeun ningali langsung ngaliwatan lénsa Kacapanon Samagaha nu teu ruksak.
- 12) Ulah maké matéri atawa banda, iwal ti lénsa Kacapanon Samagaha anu dipasangkeun dina tempat asalna saperti waktu dijieguna, pikeun ngalindung panon waktu nyobaan ningali panonpoé. 
- 13) Lamun anjeun boga hal nu rék ditanyakeun ngeunaan ieu pituduh, mangga kontak Eclipse2024.org di <https://tinyurl.com/glasses-questions>.

2) DIAJAR NANGTUKEUN WAKTU HUSUS DINA SAMAGAHA DI LOKASI ANJEUN

Dumasar informasi nu aya dina eclipse2024.org/find-times pikeun lokasi anjeun, lengkepan ieu keterangan:

Di lokasi kuring, samagaha téh:



Lamun samagaha **TOTAL** di lokasi anjeun, tuturkeun pituduh nu aya dina

“SAMAGAHA
TOTAL
DI LOKASI KURING”

bagian di handap:

Lamuns amagaha **HENTEU TOTAL** di lokasi Anjen, tuturkeun pituduh anu aya dina


“SAMAGAHA
HENTEU TOTAL
DI LOKASI KURING”

bagian di handap:

**** SAMAGAHA TOTAL DI LOKASI KURING ****

Anjeun aya dina galur samagaha total, jeung bakal ngalaman kajadian nu langka jeung luar biasa éndah! Penting pisan sangkan anjeun bisa nangtukeun iraha samagaha total kajadian di lokasi anjeun. Anjeun bakal bisa ngalakukeun hal ieu ku cara nuturkeun kana waktu anu geus dicatet di handap ieu, jeung kulantaran moal aya bagian anu caang dina buleudan panonpoé nu katempo salila totalitas.

- 1) Dumasar kana informasi nu disadiakeun dina eclipse2024.org/find-times pikeun lokasi anjeun, tuliskeun kamungkinan waktu pikeun unggal fase samagaha dina daptar di handap ieu (pastikeun [atur waktu](#) kana zona waktu anjeun!)

Saméméh C1	* Euweuh samagaha *				Anjeun KUDU maké Kacapanon Samagaha
C1	waktu mimiti fase parsial:				Anjeun KUDU maké Kacapanon Samagaha
C2	waktu mimiti fase total:				Sanggeus C2, anjeun bisa ningali ku panon langsung
Tengah-tengah samagaha	waktu:				Anjeun bisa ningali ku panon langsung
C3	waktu anggeusna fase total:				Anjeun KUDU maké deui Kacapanon Samagaha
C4	waktu anggeusna fase parsial:				Anjeun KUDU maké Kacapanon Samagaha
Sanggeus C4	* Euweuh samagaha *				Anjeun KUDU maké Kacapanon Samagaha

- 2) Sanajan anjeun aya dina galur totalitas, anjeun angger KUDU maké Kacapanon Samagaha pikeun ningali panonpoé salila waktu saméméh C2 atawa sanggeus C3, dina waktu samagaha teu total.

- 3) Anjeun bisa langsung ningali panonpoé langsung (tanpa maké Kacapanon Samagaha) NGAN SAUKUR:
 - a. lamun samagaha total di lokasi anjeun (anjeun aya “dina galur”), JEUNG
 - b. salila waktu totalitas (kira-kira salila waktu dina période ti C2 kana C3 pikeun lokasi anjeun nu geus dicatet di luhur), JEUNG
 - c. **salila buleudan cahaya Panonpoé SAUTUHNA katutupan ku Bulan.**

Waktu nu sabenerna totalitas bakal jauh bédana gumantung kana lokasi anjeun nu sabenerna, ku kituna anjeun kudu geus ngaidéntifikasi jeung nyatet kira-kira waktu ti saméméhna. Waktu anu dicatet ku anjeun di luhur ngan dikira-kira!

- 4) Sakali deui, leupas tina waktu anu geus dicatet dina daptar di luhur, atawa dikumpulkeun tina sumber nu séjén, **anjeun salawasna kudu ningali Panonpoé maké Kacapanon Samagaha IRAHA WAÉ DI BAGIAN MANA WAÉ salila buleudan cahaya panonpoé katingali.**
 - 5) Panungtun ieu dibarengan ku keterangan gambar tambahan minangka bantuan sangkan leuwih paham.
-

Anjeun kudu maca, paham, jeung nurut kana unggelan ieu:


**KURING KUDU NUTURKEUN KABÉH PANUNGATUN PIKEUN MAKÉ
KACAPANON SAMAGAHA SANGKAN AMAN MAKÉNA.**

**LAMUN AYA BAGIAN BULEUDAN PANONPOÉ
KATÉMBONG, KURING KUDU MAKÉ KACAPANON
SAMAGAHA WAKTU NINGALI PANONPOÉ.**

**** SAMAGAHA HENTEU TOTAL DI LOKASI KURING ****

Anjeun henteu dina galur samagaha total, jeung Anjeun moal ngalaman kaéndahan samagaha total. (Simkuring saparakanca nyarankeun anjeun ngarobah posisi anjeun kana galur totalitas pikeun babagi pangalaman anu luar biasa ieu!)

- 1) Dumasar kana informasi nu disadiakeun dina eclipse2024.org/find-times pikeun lokasi anjeun, tuliskeun kamungkinan waktu pikeun unggal fase samagaha dina daptar di handap ieu (pastikeun [atur waktu](#) kana zona waktu anjeun!)

Saméméh C1	* Euweuh samagaha *				Anjeun KUDU maké Kacapanon Samagaha
C1	waktu fase parsial:				Anjeun KUDU maké Kacapanon Samagaha
Tengah-tengah samagaha	waktu:				Anjeun KUDU maké Kacapanon Samagaha
C4	Waktu anggeusna fase parsial:				Anjeun KUDU maké Kacapanon Samagaha
Sanggeus C4	* Euweuh samagaha *				Anjeun KUDU maké Kacapanon Samagaha


(Perhatiken yéndina daptar euwueh waktu C2 jeung C3, lantaran di lokasi anjeun samagahana henteu total!!)

- 2) **Lantaran di tempat anjeun henteu samagaha total, anjeun salawasna KUDU maké Kacapanon Samagaha pikeun ningali Panonpoé.** Sakali deui, simkuring saparakanca nyarankeun anjeun pikeun nyaba ka tempat nu diliwatan galur totalitas. Pastikeun anjeun mawa Kacapanon Samagaha, sangkan anjeun bisa ningali fase parsial samagaha kalawan aman!
- 3) Panungtun ieu dibarengan ku keterangan gambar tambahan minangka bantuan sangkan leuwih paham.

Anjeun kudu maca, paham, jeung nurut kana unggelan ieu:

**KURING KUDU NUTURKEUN KABÉH PANUNGATUN PIKEUN
MAKÉ KACAPANON SAMAGAHA, SANGKAN AMAN MAKÉNA.**

**KURING KUDU SALAWASNA MAKÉ KACAPANON
SAMAGAHA WAKTU NINGALI PANONPOÉ.**



PDF

Basa Sunda

GRAN ECLIPSE NORTEAMERICANO
GRANDE ÉCLIPSE NORD - AMÉRICAINE
GREAT NORTH AMERICAN ECLIPSE

